



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 17 jen 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BATO ELEKTRIK MODÈNIZE KANAL LA POU DEMONTRE BENEFIS MOTÈ NO-EMISYON YO**

### ***NYSERDA, NYSDOT patenarya avèk Canal Corp, ranplase motè diezel avèk motè elektrik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansamn yon drag bato travay elektrik sou kanal Erie nan zòn Utica. Pwojè a se rezilta yon patenarya avèk the New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA) ak Depatman Transpòtasyon Eta New York (NYSDOT). Anplis, Corporation Canal Eta New York te kolabore avèk Yorkville-based New West Technologies, LLC, nan fason pou detèmine ki pi bon fason pou tranzisyone flòt bato eta a yon sistèm pwopilsyon pi pwòp. Nouvo motè elektrik bato a te konsewva pa Elco Motor Yachts, LLC, Athens, New York.

“Nan fè patenarya avèk sektè prive a, Eta New York ap transfòme yon vye remòkè 86 ane an yon machin ki pi pwòp, pi vèt ak pi modèn zewo emisyon,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè tankou sa demontre angajman nou pou pwoteje anviwonman ak montre kijan angajman kontinyèl sa ap jete baz pou yon ekonomi enèji pwòp demen.”

Pwojè a fè izaj yon bato remòkè 1928, kounye a ki itilize tankou yon drag, pou retire labou ak lòt travay nan Canal la. Li tap fonksyone anvan sou yon motè dyezèl, bato a kounye a mache avèk yon sistèm pwopilsyon tout elektrik ki alimante avèk batri. Sistèm tout elektrik la elimine emisyon echapman gaz ak risk devèsman kabiran, pandan lap diminye frè antretyen ak rediksyon bwi. Rezilta a se plis yon solisyon ekonomik dirab ak anviwonmantal.

“Pwojè sa se yon egzanp sou travay nou pou pwomote resous transpòtasyon ki pi pwòp,” te deklare Thruway Authority ak Canal Corporation Prezidan Howard P. Milstein. “Nou genyen gwo privilèj ak responsabilite pou kenbe youn nan premye mèvèy jeni peyi a, e yon gwo pati nan responsabilite sa se respekte anviwonman ki ozalantou canal sistèm lan. Nan itilize teknoloji vè, nou pral kapab redwi emisyon ak ede rann koridò kanal New York pi pwòp ak pi bèl.”

“Jerans anviwonman se youn nan responsabilite prensipal nan Thruway Authority and Canal Corporation,” te deklare Direktè Egzekitif Thruway Authority and Canal Corporation Thomas J. Madison. “Nou pral kontinye travay pou enkòpore teknoloji ki pi vèt nan operasyon nou yo pandan nap ankouraje

Haitian Creole

Nouyòkè yo pou kontinye. Sa a pa pral sèlman pèmèt nou pou ede fè New York vin yon plas ki pi pwòp, men egalman devlope endistri travay vè a grasa kalite patenarya piblik-prive.”

“Nou fyè dèske nou te ede mennen chaj la nan direksyon devlopman ak itilizasyon machin elektrik nan eta New York,” te deklare Canal Corporation Director Brian U. Stratton. “Avèk èd patnè nou yo nan sektè prive a, nou pral kontinye jwenn fason inovè pou adapte enfrastrikti ansyen ki date de yon syèk pou bay sèvis ki pi efikas ak pi pwòp a kliyan ak vwazen nou yo nan zòn koridò Canal New York.”

“Kolaborasyon sa a avèk Canal Corp. ak NYSDOT sipòte apèl Gouvènè Cuomo pou ogmante itilizasyon machin zewo emisyon nan sektè transpòtasyon, sa ki se youn nan pi gwo konsomatè gaz fosil,” te deklare Prezidan NYSERDA ak Ofisye Egzekitif An chèf John B. Rhodes. “Ankouraje itilizasyon machin elektrik pa pral non sèlman bay benefis anviwonmantal men li pral stimile aktivite ekonomik kòm yon pati nan efò jeneral eta pou stimile ekonomi enèji pwòp.”

“Nouvo bato elektrik sa pral pèmèt redwi anprent kabòn transpò nan Eta New York, ansanm avèk rechèch ki asosye avèk itilizasyon li pral ede fabrikasyon yo rafine ak amelyore sou teknoloji ki egziste deja,” te deklare Komisyonè NYSDOT Joan McDonald. “Gouvènè Cuomo ap ouvri chemen an nan sipòte devlopman enèji pwòp e li itilize sa pou amelyore sistèm transpòtasyon nou an pou sipòte aktivite ekonomik ki te kreye pa ekspedisyon ak vwayaj lwazi sou sistèm Canal Eta New York.”

Canal Corporation te fè patenarya avèk New West Technologies, LLC (New West), yon antrepriz konsiltasyon jeni ki nan Yorkville, NY, pou evalye ak ede detèmine yon chemen tranzisyon pwopilsyon pwòp pou flòt bato travay li yo. Etid fezabilite inisyèl la te konplete grasa patenarya sa ki ilistre ekonomi ak depans sik lavi ansanm avèk amelyorasyon anviwonman konsiderab nouvo gwoup moto-pwopilsè an konparezon a flòt aktyèl Canal Corporation an.

“Nouvo West Technologies fyè pou li kolabore avèk Canal Corporation Eta New York pou evalye pèfòmans bato elektrik ak pou ede detèmine yon chemen tranzisyon pwopilsyon pwòp pou flòt bato travay li yo,” te deklare Russell Owens, P.E. of New West Technologies. “Etid Faz 1 Posibilite inisyèl te valide benefis pwopilsyon elektrik anviwonmantal ak ekonomik, enèji pou travay bato Canal Corporation. Kòm nap kontinye nan domèn demonstrasyon faz 2, nap rete tann pou travay avèk Canal Corporation, Elco Motor Yachts, ansanm avèk patnè nou yo nan Eta pou evalye done operasyonèl ak antretyen pou sipòte objektif pou fè tranzisyon dirabilite alontèm flòt Eta New York.”

Anplis, New West pral kolekte done mond reyèl alafwa nan bato elektrik la ak yon bato dyezel standa pou analize benefis pèfòmans mond reyèl pou Canal Corporation ak lòt antite yo ki anvizaje konsidere itilizasyon motorizasyon maren tout elektrik oswa ibrid elektrik.

Gwoup moto-pwopilsè elektrik te devlope ak fabrike pa Elco Motor Yachts, LLC (Elco), ki lokalize nan Athens, NY. Elco te devlope sistèm lan ki adapte byen de motè elektrik nan yon konfigirasyon gwoup motopwopilsè ki te ka aplike a drag bato a. Gwoup moto-pwopilsè a patikilyèman enpresyonan avèk konsepsyon modilè li. Konsepsyon an pèmèt li fasil pou konfigire pou lòt drag bato yo avèk plis oswa

Haitian Creole

mwens pwisans motè elektrik ak plis oswa mwens kapasite batri, jan sa nesèsè.

“Elco fyè dèske li te fè patenarya nan demonstrasyon pwopilsyon elektrik sa sou istorik Erie Canal,” te deklare Elco Prezidan ak Ofisye Egzekitif an Chèf Steve Lamando. “Pwòp istwa Elco remonte a 1893 lè premye bato elektrik li te fè navèt avèk plis pase yon milyon pasaje ale retou nan ekspozisyon inivèsèl Chicago. Jodia, nap ranfòse pozisyon lidè nou nan endistri a nan pwopilse navèt 4 nan yon fason ki gen respè a anviwonman nan itilize enèji nan rezo elektrik New York la. Avèk motè Elco’s twin EP-10000, bato a pral kounye travay an silans avèk zewo emisyon echapman gaz epi san li pa kontribye a polisyon dlo. Sistèm pwopilsyon elektrik Elco a egalman ede ekonomize lajan nan gaz ak antretyen – yon viktwa pou sistèm dlo canal Erie, travayè ak kontribyab yo.”

“Kòm Erie Canal nan li menm te kòmanse nan zòn Greater Utica, li nòmal ke inogirasyon inisyativ sa gen lansman li nan Utica. Tankou Nano Utica, patenarya endistri prive piblik sa pou kreye pozisyon teknolojik avanse nan zòn sa, e pou Eta New York yon lidè nan devlopman teknoloji avanse. Mwen aplodi Gouvènè Andrew M. Cuomo, Direktè Canal Corporation Brian U. Stratton ak lòt patnè yo nan anons enpòtan sa a” te deklare Majistra Vil Utica Robert M. Palmieri.

“Sa a se yon gwo egzanp sou fason kèlkeswa konbyen tan yon bagay tap fèt yon fason, toujou gen yon opòtinite pou fè l yon lòt fason ki pi bon,” te deklare Senatè Joseph Griffo. “Nan konvèti remòkè sa de dyezèl an elektrik, enjenyè yo konfidan nou pral ekonomize lajan ak redwi kantite emisyon danjere nou mete nan lè nou an. Si sa pwouve li bon mache, mwen ta renmen wè plis ekipman canal konvèti nan lavni. Mwen remèsye Canal Corporation, DOT ak enjenyè sektè prive yo ki te kolabore nan sistèm pwopilsyon sa epi pote l la nan Erie Canal.”

“Pwojè sa pral sèvi kòm yon egzanp ki vizib anpil sou fason eta kapab siyifikativman redwi itilizasyon emisyon danjere atravè itilizasyon teknoloji enèji pwòp,” te deklare manm Asanble Anthony Brindisi nan Utica. “Mohawk Valley te lontan yon sant kreyativite ak nouvo teknoloji, e li bon pou wè Canal Corporation fè patenarya avèk yon konpayi Mohawk Valley, New West Technologies, pou pwojè demonstrasyon inove sa ki pral pote benefis ekonomik ak anviwonmantal pou eta.”

“Lè gouvènman ak sektè prive a travay kolektivman avèk yon zye sou inovasyon pa gen limit a posibilite,” te deklare Egzekitif Konte a Anthony Picente. “Akonplisman yo pwojè sa rann posib pral ede kondwi endistri enèji pwòp la nan Konte Oneida.”

Finansman pou devlopman drag bato elektrik la te rann posib grasa strateji mobilite entegre pou yon pwogram milti-modal rezo transpòtasyon dirab avi opòtinite, yon patenarya ant NYSEDA ak DOT, pou demontre teknoloji ki pa itilize ak apwòch ki amelyore enèji efikas ak pwodiksyon emisyon nan transpòtasyon ak sistèm livrezon machandiz New York.

Avèk dènye inisyativ sa a, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè pou fasone avni enèji rete fèmeman anplas. Nan devlope solisyon mache inove, Eta ap delivre angajman Gouvènè Cuomo pou transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, a ba pri ak dinamik. Travay avèk Eta,

Haitian Creole

sitwayen ak moun yo ki gen enterè nan endistri a, fason yap fè biznis nan New York ap avanse nan yon apwòch ki plis baze sou mache desantralize. Sa a vle di prezève anviwonman an, diminye depans enèji ak kreye opòtinite pou kwasans ekonomik pou jenerasyon aktyèl la ak pwochen jenerasyon Nouyòkè yo. Nan avanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè yo pral genyen enèji amelyore a ba pri ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

Gouvènè Cuomo te yon lidè nan pwomosyon machin zewo emisyon avanse kòm yon fason pou atenn divèsite enèji, redwi polisyon ak kreye travay. Jis mwa pase, sèt lòt Eta te rejwenn Eta New York pou devwale yon plan pou dramatikman ogmante kantite machin enèji pwòp ki sou wout nou yo. Daprè Plan Daksyon Zewo -Emisyon Plizyè Eta (ZEV), eta yo te fikse yon objektif pou genyen 3.3 milyon machin zewo emisyon sou wout Etazini nan ane 2025.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418